



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIKASYON RÈGLEMAN FINAL POU DIMINYE EMISYON
METAN NAN SEKTÈ PETWÒL AK GAZ NATIRÈL LA**

Kontwòl nouvo emisyon nan pui petwòl ak gaz natirèl yo, estasyon konpresè, ak lòt sous yo ap pwoteje sante piblik epi konbat chanjman klimatik la

Sipòte Lwa New York k ap nennen nan peyi a pou redwi degajman gaz a efè sèr yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Eta a te finalize règlemantasyon k ap egzije rediksyon enpòtan emisyon metàn ak lòt emisyon ki danjere ki soti nan nenpòt enfrastrikti petwòl ak gaz natirèl nan Eta New York. Règlemantasyon an make yon etap enpòtan nan realizasyon ajennda enèji pwòp ak klimatik Eta a ki lidè nan peyi a lè l diminye emisyon metàn yo a plis pase 14,000 tòn metrik pa ane ak emisyon konpozan òganik volatil yo a plis pase 2,000 tòn pa ane.

"Pandan New York ap kontinye tranzisyon anbisyè epi istorik nou an pou soti nan konbistib fosil yo, nou angaje pou diminye emisyon yo soti nan enfrastrikti petwòl ak gaz k ap kontribye nan chanjman klimatik la epi k ap afekte sante piblik kominote nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finalizasyon règleman sa yo ap diminye fuit ki soti nan etablisman petwòl ak gaz natirèl New York yo, epi kenbe eta nou an nan ban devan aksyon klimatik."

Règlemantasyon yo ki finalize jodi a pa Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, demontre lidèchip New York pou abòde Kriz klima a lè li règlemante epi kontwole emisyon danjere ki soti nan fuit metàn ak vantilasyon. Metàn se dezyèm diyoksid kabòn nan kontribisyon li nan chanjman klimatik sèlman akòz gwo volim li nan atmosfè a ak efè radyasyon solid li.

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Anons sa demontre kijan eta yo ka reyalize rediksyon ki enpòtan nan gaz efè sèr yo epi ede diminye risk enpak danjere sou sante piblik la ak resous natirèl nou yo. Pèsonèl devwa DEC a nan ban devan pou egzamine enpak emisyon gaz efè sèr ki soti nan tout sektè, ki enkli devlopman ak egzijans pou enfrastrikti konbistib fosil yo nan règlemantasyon ki finalize jodi a. Ak lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap avanse nan yon ekonomi ki pi pwòp, pi ekolojik ep l ap aji pou egzije sektè konbistib fosil la diminye emisyon yo."

Nan Eta New York State gen 32 estasyon konpresè otorize ki gen 117 konpresè, 27 sous estokaj gaz natirèl anba tè, ek yon estimasyon 3,000 a 4,000 estasyon metraj. An 2018, yo te ekstrè 106 milya pye kib gaz natirèl ak 224,717 barik petwòl nan 3,411 pui petwòl aktif ak 6,729 pui gaz natirèl aktif nan eta a. Mezi ki finalize jodi a ede abòde emisyon metàn ki soti nan sektè petwòl ak gaz la lè yo redui ekivalan plis pase 1.2 milyon tòn diyoksid kabòn, ki ka konpare ak lè ou retire plis pase 230,000 machin sou wout la. Règlemantasyon final la diminye anpil, epi nan anpil ka, entèdi vantilasyon gaz natirèl nan atmosfè a nan pui, estasyon konpresè, sit estokaj, ak estasyon metraj ak regilasyon yo. Anplis, règlemantasyon yo pwopoze yo genyen ladan yo deteksyon fuit ki estrik ak egzijans reparasyon pou enfrastrikti petwòl ak gaz, ansanm ak egzijans pou kontwòl ak operasyon yo. Ou ka jwenn règleman final yo [isit la](#).

Pwopozisyon sa, se dènye etap New York pou redui emisyon metàn ak lòt gaz efè sèr. Nan desanm 2020, DEC ak NYSEERDA te anonse itilizasyon pwochen ekipman siveyans ayeryèn wot teknoloji Eta a [pou lokalize epi bouche pui petwòl ak gaz abandone, ki gen plizyè deseni, ki gen fuit metàn](#) nan anviwònman an. Anplis, [règlemantasyon ki te finalize nan fen ane pase a](#) etabli limit emisyon metàn ak lòt gaz efè sèr yo egzije nan tout eta a diminye a 40 pousan vè 2030, 85 pousan vè 2050, ki enkli emisyon ki asosye ak konbistib elektrik ak fosil ki enpòte yo.

Pou fè aplike règlemantasyon an, DEC ap fè enspeksyon, evalye vyolasyon potansyèl yo, epi pran mezi ki apwopriye pou asire konfòmite.

Anplis, pou reyalize objektif rediksyon emisyon nan tout eta a konfòmman ak règleman sa, nan dat 31 janvyè a, DEC a te soumèt kòmantè sou règleman sou petwòl ak gaz Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal Ameriken an ki rekòmande pou ranfòse règ sa yo pou antre egzijans règ Eta New York la.

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekkitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sèr yo pou 85 pousan pa rapò

ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)